

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Globalisasi teu salawasna méré mangpaat keur kahirupan manusa, saperti: sarwa gancang, sarwa babari, jeung sarwa nembrak, tapi aya kalana globalisasi ogé méré pangaruh négatif pikeun manusa. Salasahiji pangaruh négatif tina globalisasi nya éta beuki nyirorotna ajén-inajén budaya karuhun, ngésér kasilih ku budaya deungeun. Kiwari masarakat leuwih milih kabudayaan anyar nu holna ti nagara Barat, anu ceuk maranéhna leuwih maju, luhur géngsina, tur bisa ngigelan jaman, sarta leuwih praktis dibandingkeun jeung kabudayaan lokal (www.kumpulanmakalahdanartikel.com).

Luyu jeung ngagalurana globalisasi, kasadaran masarakat kana pentingna ngamumulé kabudayaan téh beuki dieu beuki ngésér, hal ieu katangén tina ayana parobahan pola hirup masarakat anu leuwih modéren. Éta pangaruh globalisasi téh tumiba ogé kana éksisténsi budaya Sunda nu kiwari geus teu pati dipaliré. Budaya Sunda dipikawanoh minangka budaya anu pohara ngajungjung luhur tradisina, ti mimiti manusa aya dina kandungan, gubrag ka dunya, disunat atawa digusar, nikah, sarta maot kabéhanana teu leupas tina sagala rupa tradisi (upacara-upacara tradisional). Hal ieu nétélakeun yén budaya Sunda miboga ciri has anu tangtu, anu ngabédakeunana jeung budaya séjén, sakumaha anu kaunggel dina idiom Sunda *ciri sabumi cara sadésa*.

Ari kabudayaan nya éta “*keseluruhan gagasan dan karya manusia, yang harus dibiasakannya dengan belajar, beserta keseluruhan dari hasil budi dan karyanya itu*”, kitu nurutkeun Koentjaraningrat (1985: 9). Ditilik tina sawangan sosiologis, kabudayaan téh miboga ambahan anu kacida legana, ngawengku sakabéh hasil cipta, rasa, karsa jeung karya manusa boh dina wangun matéril atawa nonmatéril.

Demi budaya dina wangun matéril nya éta hasil cipta, rasa, jeung karsa manusa anu katempo bungkeuleukanana, upamana waé: wangunan, kasenian,

atawa upacara adat. Sedengkeun budaya dina wangun nonmatérial nya éta hasil cipta, rasa, jeung karsa anu teu katempo bungkeuleukanana, upamana waé: adat-istiadat, pangaweruh, sistem kapercayaan, jrrd (Raga, 2007: 28).

Dina pedaran saterusna Koentjaraningrat (1985: 2) nétélakeun yén unsur-unsur kabudayaan miboga sipat *universal*. Hartina, éta unsur nyampak jeung bisa dipaluruh dina unggal kabudayaan bangsa nu aya di sakuliaheun dunya.

Aya tujuh unsur kabudayaan, di antarana waé: 1) sistem réligi jeung upacara kaagamaan; 2) sistem jeung organisasi kamasarakatan; 3) sistem élmu pangaweruh; 4) sistem basa; 5) kasenian; 6) sistem pakasaban; sarta 7) sistem téhnologi jeung pakakas hirup manusa (Koentjaraningrat, 1990: 205).

Tina tujuh unsur kabudayaan, sistem réligi aya dina urutan kahiji, hal ieu ku sabab sistem réligi mangrupa unsur budaya anu panghéséna robah, atawa kapangaruhan ku kabudayaan séjén. Sistem réligi mangrupa bentuk kayakinan ka Nu Maha Kawasa (Gusti, déwa, naraka, sawarga, jrrd). Sistem kapercayaan éta ngajanggélék dina upacara tradisional, kasenian, jeung ritual, boh anu dilaksanakeun sacara rutin, boh anu ukur kakapeungan. Dina enas-enasna éta upacara tradisional téh mangrupa wujud tina interaksi antara manusa jeung pribadina, manusa jeung masarakat sabudeureunana, manusa jeung alamna, sarta manusa jeung Nu Maha Kawasa. Éta interaksi tujuanana taya lian pikeun ngahontal kasalametan jeung kabagjaan. Salasahiji wangun upacara tradisional nya éta Sidekah Tutulak anu aya di Désa Karangtawang Kecamatan Kuningan Kabupatén Kuningan. Sakumaha ilaharna upacara tradisional séjénna, upacara Sidekah Tutulak ogé miboga maksud jeung tujuan anu tangtu, nya éta pikeun tulak balai atawa pikeun ménta kasalametan ka Nu Maha Kawasa.

Istilah Sidekah Tutulak diwangun ku dua kecap, nya éta *sidekah* jeung *tutulak*. Kecap sidekah nurutkeun Danadibrata (2006: 636) asalna tina basa Arab *sadakah* anu hartina barangbéré kalayan iklas. Sedengkeun tutulak masih dina Danadibrata (2006: 713) asal kecapna tina *tulak* anu hartina pamageuh panto atawa jandéla supaya ulah muka sorangan. Sidekah Tutulak téh nya éta salametan anu dilaksanakeun ku masarakat Désa Karangtawang pikeun ngajaga diri katut lemburna tina balai. Ekadjati (2003: 10) maké istilah Hajat Tutulak pikeun

nyebutkeun upacara Sidekah Tutulak, nya éta tarékah has anu sipatna tradisional, dilaksanakeun ku masarakat Karangtawang dina raraga ngaraksa jeung ngariksa kaamanan lemburna.

Upacara Sidekah Tutulak perlu dijaga tur diriksa sabab salian dianggap bisa nyalametkeun masarakat Karangtawang tina balai, ogé bisa ngaraketkeun tali mimitran papada masarakatna. Lian ti éta, ngariksa tur ngajaga upacara Sidekah Tutulak ogé mangrupa bagéan tina ngamumulé ajén-inajén budaya bangsa sacara gembheng.

Ulikan ngeunaan Sidekah Tutulak kungsi dilaksanakeun ku Edi S. Ékadjati. Hasil kajianana ditepikeun (dipréséntasikeun) dina Konférénsi Internasional Budaya Sunda (KIBS) I di Bandung taun 2001, anu tuluy dipublikasikeun dina buku anu judulna *Tulak Bala (Sistim Pertahanan Tradisional Masyarakat Sunda) Sundalana I*, wedalan Pusat Studi Sunda. Éta ulikan medar perkara kasang tukang kasajarahana Sidekah Tutulak.

Sok sanajan objékna sarua, tapi puseur paniténa mah béda. Dina ieu panalungtikan lian ti nalungtik prak-prakan upacara Sidekah Tutulak sacara gembheng, ogé ngeunaan simbol-simbol jeung ajén falsafah anu nyampak dina upacara Sidekah Tutulak, sarta rélevansi upacara Sidekah Tutulak jeung kahirupan masarakat Karangtawang kiwari.

Panalungtikan anu ngaguar budaya hiji daérah geus réa ditalungtik ku mahasiswa anu boga minat kana budaya. Di handap ieu baris ditataan judul-judul skripsi ngeunaan budaya:

- 1) *Ajén Falsafah Upacara Sawér Pangantén Pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMPN 12 Bandung Kelas VII Ngagunakeun Méthode Démontrasi*, ku Temmy Widhiastuti taun 2008;
- 2) *Ajén Falsafah nu Aya dina Simbol-simbol Prosés Hatam Al-Qur'an dina Upacara Kawinan Désa Citanglar Kecamatan Suradé Kabupatén Sukabumi*, ku Risna Setiani taun 2008;
- 3) *Ajén Falsafah dina Simbol-simbol Upacara Adat Sedekah Bumi di Kampung Urug Tonggoh Désa Kiara Pandak Kecamatan Sukajaya Kabupatén Bogor*, ku Trias Handoko taun 2009;

- 4) *Fungsi Ajén Palsapah dina Upacara Tradisi Ruatan Bumi di Kampung Banceuy Kecamatan Ciater Kabupatén Subang*, ku Virda Sufia Haetami taun 2011.

Panalungtikan ngeunaan Sidekah Tutulak dipiharep bisa méré mangpaat pikeun bahan dina ngajembaran budaya jeung tradisi. Ku ayana ieu panalungtikan dipiharep para nonoman bisa leuwih wanoh, nyaah, jeung ngabogaan tarékah pikeun ngamumulé tradisi titinggal karuhunna.

Salasahiji cara ngawanohkeun tradisi karuhun ka para nonoman nya éta ngaliwatan pendidikan formal di sakola. Hal ieu dumasar kana sistem pewarisan budaya anu aya dua cara, nya éta: 1) sacara tradisional, anu ngawengku kulawarga, masarakat, lembaga adat, jeung lembaga agama; 2) sacara modérn, ngawengku organisasi kelompok sosial siga lembaga atikan formal, jeung média masa (Brata, 2007: 64). Luyu jeung SKKD (2007: 124) SMA kelas XII ngeunaan budaya, nya éta Standar Kompetensi (SK) *mampu membaca untuk memahami dan menanggapi bacaan yang berupa artikel, carita buhun, dan bahasan*. Kompetensi Dasar (KD) nya éta *membaca artikel tentang budaya*. Ku kituna, lian ti nepikeun informasi, ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa jadi pangdeudeul pikeun kaweruh siswa, sangkan siswa apal jeung nyangkem kana upacara Sidekah Tutulak sarta weruh kana ajén-inajén anu nyangkaruk dina éta upacara.

Dumasar kana pedaran di luhur, utamana pikeun ngawewegan pangajaran basa Sunda, ieu panalungtikan baris dilaksanakeun tur dipatalikeun jeung bahan pangajaran maca di SMA. Ku kituna ieu panalungtikan baris dijudulan “*Ajén Falsafah Upacara Sidekah Tutulak Désa Karangtawang Kecamatan Kuningan Kabupatén Kuningan Pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA*”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang, ieu panalungtikan téh perlu diwatesanan sangkan masalah anu rék dipedar jelas, jeung leuwih museur kana pasualan. Lantaran dina upacara Sidekah Tutulak téh réa bahasanana, ku kituna ieu panalungtikan baris diwatesanan ku ngadéskripsikeun prak-prakan upacara

Sidekah Tutulak, simbol-simbol jeung ajén falsafah anu nyampak dina upacara Sidekah Tutulak, rélevansi upacara Sidekah Tutulak jeung kahirupan masarakat Karangtawang, sarta ngalarapkeunana kana bahan pangajaran basa Sunda, nya éta maca artikel kabudayaan di SMA kelas XII.

1.2.2 Rumusan Masalah

Masalah-masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun patalékan siga ieu di handap:

- 1) Kumaha prak-prakan upacara Sidekah Tutulak nu aya di Désa Karangtawang Kecamatan Kuningan Kabupatén Kuningan?
- 2) Ajén falsafah naon waé anu nyampak dina simbol-simbol upacara Sidekah Tutulak?
- 3) Kumaha rélevansina upacara Sidekah Tutulak jeung kahirupan masarakat Karangtawang kiwari?
- 4) Bahan pangajaran maca artikel kabudayaan nu kumaha anu luyu tur cocog dipaké di SMA kelas XII ngeunaan upacara Sidekah Tutulak di Désa Karangtawang, Kecamatan Kuningan Kabupatén Kuningan?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngawanohkeun upacara Sidekah Tutulak anu aya di Désa Karangtawang Kecamatan Kuningan Kabupatén Kuningan, sarta wujud tina tarékah ngamumulé salasahiji budaya anu sumebar di tatar Sunda.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Prak-prakan upacara Sidekah Tutulak nu aya di Désa Karangtawang Kecamatan Kuningan Kabupatén Kuningan.
- 2) Ajén falsafah anu nyampak dina upacara Sidekah Tutulak.

- 3) Rélevan atawa teuna éta upacara Sidekah Tutulak jeung kahirupan masarakat Karangtawang kiwari.
- 4) Rarancang bahan pangajaran maca artikel kabudayaan di SMA kelas XII ngeunaan upacara Sidekah Tutulak di Désa Karangtawang, Kecamatan Kuningan Kabupatén Kuningan.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun balaréa hususna pikeun anu mikacinta kana budaya Sunda, sangkan leuwih reueus deui kana budayana.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan di antarana:

- 1) Pikeun panalungtik, dipiharep bisa nambahan pangaweruh kana tradisi lokal anu aya di masarakat Sunda, salasahijina upacara Sidekah Tutulak sangkan bisa ancrub langsung dina usaha ngariksa budaya Sunda.
- 2) Pikeun masarakat Karangtawang, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan kareueus kana budaya anu dipimilikna, nya éta upacara Sidekah Tutulak.
- 3) Pikeun guru, ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan ajar dina pangajaran basa Sunda di kelas XII SMA.
- 4) Pikeun siswa, bisa nambahan pangaweruh ngeunaan tradisi anu aya di masarakat Sunda. Dipiharep tina ieu panalungtikan bisa méré motivasi ka siswa pikeun ngarojong usaha ngariksa budaya Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu skripsi, nya éta:

- 1) BAB I: Bubuka medar perkara kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

- 2) BAB II: Kajian tiori medar ngeunaan filsafat, sistem ajén, budaya, sistem réligi, sémiotika dina kabudayaan, upacara sidekah tutulak, jeung bahan pangajaran maca.
- 3) BAB III: Gambaran umum lokasi panalungtikan, sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngumpulkeun data.
- 4) BAB IV: Analisis data jeung ngabahas hasil panalungtikan.
- 5) BAB V: Kacindekan jeung saran.

